# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRININ BUYRÍĞÍ

## Ózbekstan Respublikası Oliy Majilis Nızamshılıq palatası Ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw shólkemi tárepinen «Ózbekstanda ekologiyalıq bilim sapasın rawajlandırıw» temasındaǵı respublika ilimiy ámeliy jıynalısınıń juwmaǵı haqqında

2017-2021 jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyasında belgilep berilgen áhmiyetli wazıypalar, qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw, tábiyiy resurslardan maqsetke muwapıq paydalanıw, xalıqtıń ekologiyalıq mádeniyatın jánede rawajlandırıw, usı tarawdıń rawajlanıwında huqıqıy mexanizmin jaratıw boyınsha taza nızam joybarların islep shıǵıw hám qabıllaw tuwralı keń kólemli jumıslar ámelge asırılmaqta.

Házirgi waqıtta ekologiyalıq mashqalalardı sheshiwde únemli ekologiyalıq taza texnologiyalardan paydalanıw, tábiyattı qorǵaw boyınsha is ilájlardı izbe izlik penen alıp barıw yamasa tarawǵa engiziw tiyisli nızamnıń orınlanıwın támiyinlew boyınsha jumıslar jeterli dárejede emesligi kórsetilmekte. Xalıqtıń ekologiyalıq mádeniyatın rawajlandırıw,qorshaǵan ortalıqtan aqılǵa muwapıq paydalanıw, tábiyat ónimlerinen keleshek awladlar ushın asıraw maqsetinde antropogen tásirlerdiń aldın alıwda tiykarǵı faktor bolıp esaplanadı.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majilis Nızamshılıq palatası Ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw shólkemi tárepinen úyreniw barısındaǵı anıqlanǵan kemshiliklerdi saplastırıw ushın 2021-jıl 8-sentyabr 07-1/994 sanlı xatındaǵı tapsırmalardıń orınlanıwı maqsetinde **buyıraman:**

1. Ózbekstan Respublikası Oliy Majilis Nızamshılıq palatası Ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw shólkemi tárepinen «Ózbekstanda ekologiyalıq bilim sapasın rawajlandırıw» temasındaǵı Respublika ilimiy ámeliy jıynalısınıń juwmaǵı 2021-jıl 8-sentyabr 07-1/994 sanlı xatı maǵlıwmat ushın qabıllansın;

2. Respublika bilimlendiriw orayı direktiorı (Q. Jubanov)na, barlıq rayon (qala) xalıq bilimlendiriw bólimi baslıqlarına;

- ekologiyalıq mádeniyattı asırıw, oqıwshı jaslar menen birgelikte óz aymaqların abadanlastırıw, biologiyalıq hár túrlilikti asırawda juwapkershilik penen qarawǵa úyretilip barılsın;

- oqıwshılardıń Ana tábiyatqa bolǵan mehir-muhabbatın jánede asırıw barısında ekoturizm rawajlandırılsın;

-oqıwshı jaslar arasında qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw hám ekologiyalıq qáwipsizlikti támiynlewdegi máselelerdi sheshiwde belsendi qatnasıwı boyınsha ekologiyalıq is ilájlar ótkerilsin;

- -ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde oqıwshılardı házirgi ekologiyalıq mashqalalardıń mazmunın túsindirip beriwshi bilimler menen keńnen tanıstırıw hám olardı kúndelikli turmısta qollanıw boyınsha mekteplerde «Ekologiyalıq dógerek»ler shólkemlestirilsin;
- ekologiyalıq mashqalalarǵa jámiyetshilik itibarın qaratıw hám tábiyattı qorǵaw jumısların shólkemletiriwde oqıwshı jaslar arasında volontyorlik háreketin rawajlandırıw boyınsha is ilajlar alıp barılsın;

3. Málimleme xızmeti (T.Dáwletmuratov)ne ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde ekologiyalıq is ilajlardıń orınlanıwı haqqındaǵı maǵılıwmatlardı ministrliktiń veb-saytı hám ǵalaba xabar quralları arqalı jariyalap barıw tapsırılsın.

4. Usı buyrıqtıń orınlanıwın qadaǵalaw ministrdiń birinshi orınbasarı w. w. a. Q. Bekbaulievqa júklensin.

**Ministr** **R.Reimov**

**Nókis qalası**
**2021-jıl** 17 - Sentyabr
**№** 209